



AVI POU SESYON ODYANS AK OPÒTINITE KÒMANTÈ PIBLIK POU PWOJÈ ESTRATEJIK JISTIS ANVIWÒNMANTAL EEA

Avi piblik sa a disponib tou nan lang sa yo ([Espanyòl](#), [Pòtigè](#), [中国人](#), [Kreyòl ayisyen](#), [Tiếng Việt](#), [عربي](#), [ইউই](#), [Русский](#), [Kriolu](#)). Tanpri klike sou lang lan pou jwenn enfòmasyon.

Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman (EEA) ap chèche pwoteje, prezève epi amelyore resous anviwònman Commonwealth la pandan y ap asire yon avni enèji pwòp pou rezidan eta a. Atravè jesyon espas ki ouvè, pwoteksyon resous anviwònman yo, ak amelyorasyon enèji pwòp, EEA travay san pran souf pou fè Massachusetts tounen yon bèl kote pou viv, travay ak elve yon fanmi.

Règleman Jistis Anviwònman EEA a dirije tout ajans EEA yo pou devlope pwòp estrateji EJ yo pou “ankouraje jistis anviwònman nan tout katye yo selon kritè ki adapte ak misyon ajans yo.” Konsa, EEA te devlope yon dokiman nan tout Sekretarya a ak sipò Gwoup Travay Jistis Anviwònman nou an ki te konvoke nan mwa septanm 2020. Ansanm, gwoup sa a te pwopoze yon vizyon kontinyèl pou asire tout rezidan Commonwealth yo ka benefisye nan yon fason ekitab e ki jis nan lwa ak politik ki abòde pwoblèm anviwònman, enèji ak klima nan Massachusetts.

EEA ap chèche opinyon piblik ak kòmantè sou [Pwojè Estrateji Jistis Anviwònman](#) sa a, ki disponib nan dis lang sou lyen ki anwo a ak sou sitwèb EEA pou jistis anviwònman an.

Pral gen kat sesyon odisyon pou kòmantè piblik yo pandan peryòd konsiltasyon piblik dewoule soti 9 novanm 2022 pou rive 27 janvye 2023. Sa a gen ladan de sesyon vityèl ak de sesyon an pèsòn, ak opsyon tradiksyon ki detaye anba a. Sesyon odyans yo ouvri pou tout rezidan yo nan Commonwealth la epi pa gen okenn frè pou vin asiste. Si yo pa kapab ale oswa si yo pito soumèt kòmantè yo alekri, tanpri gade anba a pou enfòmasyon sou fason pou soumèt kòmantè alekri. N ap tann opinyon nou sou estrateji nou pwopoze yo pou avanse jistis anviwònman ak enèji nan Commonwealth la.

15 desanm 2022, 6:00 pm - 8:00 pm

Sesyon odyans an pèsòn

UMass Amherst Center, 1500 Main Street, Springfield, MA 01115.

10 janvye 2023, 10:00 am -12:00 pm

Adistans sèlman, enskri davans nan:

https://zoom.us/webinar/register/WN_pzGFvrsBRoycdZ8pRZKpWg

10 janvye 2023, 6:00 pm – 8:00 pm

Adistans sèlman, enskri davans nan:



https://zoom.us/webinar/register/WN_h3pSqAeRQh--b50JnMccfA

19 janvye 2023, 6:00 pm – 8:00 pm

Sesyon odyans an pèsòn

Bruce C. Bolling Municipal Building, 2300 Washington Street, Roxbury, MA 02119.

Sesyon adistans: Apre enskripsyon an pou sesyon adistans yo, w ap resevwa yon imèl konfimasyon ki gen enfòmasyon pou w konekte nan reyinyon an. Ou gen opsyon pou w konekte nan zoom oswa itilize nimewo a.

Sesyon an pèsòn : Ou pa bezwen enskri davans pou patisipe nan sesyon an pèsòn yo.

Akomodasyon rezonab disponib sou demann pou sesyon an pèsòn yo. Tanpri adrese yon imèl bay carline.lemoine2@mass.gov ak yon demann pou aranjman nesèsè yo.

Yo pral aksepte kòmantè alekri yo jiska 5:00 pm nan dat 27 janvye 2023. Tanpri voye kòmantè atravè imèl bay ej.inquiries@mass.gov oswa nan [pòtal sa a](http://portal.saa) . Yo ka voye kòmantè alekri tou atravè lapòs nan Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman, 100 Cambridge Street, Suite 900, Boston, MA 02114, Attenyon: Carline Lemoine, Direktè Adjwen EJ pou Koòdinasyon Pati Ekstèn ki Konsène yo.

Entèpretasyon pou sesyon an pèsòn (Roxbury): EEA pral bay sèvis entèpretasyon nan sesyon odyans piblik Boston lan nan lang espanyòl, mandaren, vyetnamyen, pòtigè, kreyòl ayisyen, arab, khmer, ris, ak kreyòl Kap Vè, enkli lang siy Ameriken.

Entèpretasyon pou sesyon an pèsòn (Springfield) : EEA pral bay sèvis entèpretasyon nan sesyon odyans piblik Springfield la nan lang: espanyòl ak lang siy ameriken.

Entèpretasyon pou tou de sesyon odyans vityèl yo . EEA pral bay sèvis entèpretasyon nan sesyon odyans piblik Roxbury nan lang: espanyòl, mandaren, vyetnamyen, pòtigè, kreyòl ayisyen, arab, khmer, ri, ak kreyòl Kap Vè, enkli lang siy ameriken.

Ou ka mande plis sèvis tradiksyon oswa entèpretasyon lè w adrese demann ou pou imèl carline.lemoine2@mass.gov omwen 72 èdtan anvan reyinyon an.